buleen def séen kër yi ay bàmmeel, Saytaane day daw kër goo xam ne dañu fay jàng saaru Al-Baxara

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «buleen def séen kër yi ay bàmmeel, Saytaane day daw kër goo xam ne dañu fay jàng saaru Al-Baxara».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day tere neenal kër yi ci julli ba mu mel ni ay bàmmeel ndax deesu fa julli. Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- xamle ne Saytaane day daw kër goo xam ne dañu fay jàng saaru Al-Baxara.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/6208